

## Jwenn ENFÒMASYON sou nouvo *Gid yo*.

Jwenn Pi Bon Tretman an  
Nou te kreye nouvo *Gid yo* pou asire ou  
jwenn **pi bon swen medikal pou chòk ou**.  
Pou ou kapab vin refè. Pou ou kapab  
retounen nan travay. Pou ou kapab  
retounen debou avèk lavi ou!

Se Doktè yo ki Devlope Dokiman sa a  
Nou te devlope *Gid yo* selon remak  
**doktè espè toupatou nan peyi a ki  
espesyalize nan ede moun tankou ou:**  
moun ki te pran chòk nan travay.

Selon Prèv  
*Gid yo* baze sou prèv – sa vle di yo  
sipòte avèk **done ki trè syantifik** ki  
disponib.

Pa gen Fòmalitye Administratif  
*Gid yo* la pou redui fòmalitye  
administratif yo. Pifò tretman yo  
*Gid yo* rekòmande yo apwouve  
davans. Sa vle di **mwens tan pou  
tann pou tretman an** – pou ou  
kapab kòmanse santi ou refè pi  
bonè.

Konnen plis bagay nan:  
Ale sou Entènèt nan sitwèb  
[www.WCB.NY.Gov](http://www.WCB.NY.Gov) epi chèche  
*Gid Tretman Medikal*.



Pou èd oswa kesyon, rele  
(877) 632-4996 pou gratis, oswa  
(518) 462-8880  
Imèl: [General\\_Information@WCB.NY.Gov](mailto:General_Information@WCB.NY.Gov)  
[www.WCB.NY.Gov](http://www.WCB.NY.Gov)

## CHÈCHE ENFÒMASYON YO

Komisyon Konpansasyon  
Travayè Eta New York

***Gid pou  
Tretman  
Medikal***



# CHÈCHE ENFÒMASYON YO

Gen anpil BAGAY MOUN DI sou *Gid* yo. Pwoteje dwa ou – jwenn ENFÒMASYON yo!

***Gid Tretman Medikal*** yo bay tretman ki efikas pou chòk ki pi komen ou pran nan espas travay.

Answit, lè doktè a itilize ***Gid*** yo, w ap jwenn tretman ou bezwen an pi vit.

## SA MOUN DI:

Mwen p ap kapab jwenn tretman an mwen bezwen an akòz nouvo ***Gid*** yo.

## REYALITE A:

Pa vrè! *Gid* yo la pou ede ou jwenn **pi bon swen medikal** pou chòk ou. Se **doctè** ki espesyalize nan trete moun tankou ou ki **te kreve** *Gid* yo – moun ki pran chòk nan travay.

## SA MOUN DI:

***Gid*** yo pa prevwa eksepsyon mwen ka bezwen.

## REYALITE A:

*Gid* yo **la pou yo fleksib**. Yo rekonèt tout tretman yo pa apwopriye pou tout moun.

*Gid* yo pèmèt doktè ou mande pèmasyon pou itilize yon apwòch diferan pou swen sante ou.

## SA MOUN DI:

Si mwen gen yon rechit oswa si pwoblèm sante mwen vin grav, mwen p ap kapab jwenn swen medikal.

## REYALITE A:

**Doktè ou ap kapab ba ou tretman ou bezwen ou.** *Gid* yo p ap anpeche ou jwenn swen medikal ki nesèsè si ou chòk ou pran an vin grav oswa si li rechite.

## SA MOUN DI:

Mwen p ap kapab jwenn terapi fizik, tretman kiwopratik, oswa akiponkti.

## REYALITE A:

***Gid* yo rekòmande itilizasyon terapi fizik, tretman kiwopratik, ak akiponkti.** Li enpòtan pou doktè ou montre tretman an ap ede ou santi ou pi byen. Si tretman an p ap ede ou, doktè ou ap ou bezwen jwenn yon tretman k ap ede ou.

## SA MOUN DI:

M ap sèlman kapab jwenn medikaman pou doulè pandan premye semèn chòk la.

## REYALITE A:

***Gid* yo p ap anpeche doktè ou rekòmande medikaman ki apwopriye pou doulè a.**

Nan pifò ka yo, travayè ki pran chòk yo bezwen medikaman sou preskripsyon pou doulè pou yon ti tan sèlman. Si ou toujou gen doulè, pale avèk doktè ou. Doktè ou ka kontinye preskri ou medikaman pou doulè, men pou fè sa, li dwe eksplike ou pou kisa medikaman an nesèsè pou rezon medikal pou ou kontinye pran li.

*Gid* yo la pou ede doktè ou ekilibre objektif pou vin pi byen, pou soulaje doulè ou, epi pou anpeche ou pran domaj.

## SA MOUN DI:

Konpansasyon Travayè pa peye avantaj medikal san rete ankò pou chòk mwen.

## REYALITE A:

***Gid* yo pa chanje dwa debaz ou anba lwa sou Konpansasyon Travayè.** Ou toujou gen dwa pou resevwa swen medikal ki nesèsè lè ou pran chòk pandan w ap travay.

**Y ap peye depans medikal** yo depi doktè ou kontinye swiv *Gid* yo.

## SA MOUN DI:

Objektif ***Gid*** yo se pou limite swen sante a epi pou redui depans yo.

## REYALITE A:

Objektif prensipal *Gid* yo se pou asire ou resevwa pi bon swen medikal la pi vit otank posib – pou ou kapab santi ou pi byen ak retounen nan travay. Depans jeneral yo bese lè travayè ki pran chòk yo jwenn bon kalite swen alè.

## SA MOUN DI:

L ap pran plis tan pou mwen jwenn tretman mwen bezwen an.

## REYALITE A:

Avèk nouvo *Gid* yo, **pifò tretman yo pa bezwen otorizasyon davans.** Sa vle di lè doktè ou itilize *Gid* yo, ou kapab jwenn tretman ou bezwen an menm pi vit!